

TRIBINAL DISTRI ETAZINI
DISTRI NAN SID NEW YORK

JONATHAN NNEBE, *et al.*,

Pati sivil,
kont

MATTHEW DAUS, *et al.*,

Akize.

Anthony Stallworth, pèsonèlman ak nan non tout moun ki twouve yo nan menm sitiyasyon, et al.,

Pati sivil,

-v-

MEERA JOSHI, *et al.*,

Akize.

No. 06-cv-4991 (RJS)

No. 17-cv-7119 (RJS)

AVI POU METE ANN ATANT YON REKOU KOLEKTIF

Pou: Tout chofè taksi oswa chofè machin lokasyon ki nan sitiyasyon kote Komisyon Taksi Limouzin nan Vil New York (NYC Taxi and Limousine Commission, TLC) bloke pèmi yo akoz yo te arete yo paske yo gen akizasyon kriminèl sou do yo ant 2003 ak 2020 (ansanm, Gwoup la).

**TANPRI LI TOUT AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.
PWOSEDY YO KA GEN EFÈ SOU DWA W GENYEN NAN KONFLI SA A.
AVI SA A GEN VÈSYON KI TRADUI KI DISPONIB NAN
WWW.TLCSUSPENSIONCASE.COM**

Se yon nòt tribinal la pibliye pou fè w konnen ou ka yon manm nan Gwoup la nan de (2) pwosè ki lye ki ann atant kont Vil New York ansanm ak responsab Komisyon Taksi ak Limouzin nan Vil New York, kounye a ki ann atant devan Tribunal Federal Distri a nan Sid New York.

Objektif Avi sa a se fè w konnen tribinal la apwouve Rekou a kòm yon rekou kolektif epi li wè te gen vyolasyon konstitisyon an nan fason Vil la te anonse epi mennen

odisyon yo pou chofè yo te sispann yo anrapò ak arrestasyon ki te fèt ant 28 jen 2003 ak 18 fevriye 2020. Kòm konsekans, ou ka gen dwa ak domaj ak enterè sou fòm lajan. Pou kounye a, ou pa bezwen fè anyen pou w patisipe nan ka sa a.

Avi sa a gen pou objektif esplike w:

1. Ki sa pwosè yo gen ladan yo
2. Dwa w genyen antanke manm Gwoup la
3. Si w ka gen dwa ak domaj ak enterè yo
4. Ki sa w ta ka bezwen fè
5. Lòt pwosedi jidisyè
6. Ki jan pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosè a.

1. Ki sa pwosè yo gen ladan yo

Gen de pwosè ki lye: *Nnebe et al. v. Daus, et. al.* (Case No. 06-cv-4991) ak *Stallworth, et al. v. Joshi, et al.* (Case No. 17-cv-7119).

Pati sivil: Jonathan Nnebe, Eduardo Avenaut, Khairul Amin, Anthony Stallworth, Parichay Barman ak Noor Tani, ansanm ak Asosyasyon Travayè Taksi nan New York (New York Taxi Workers Alliance, NYTWA) te konteste tretman akize yo te bay chofè TLC te bloke pèmi yo akoz yon arrestasyon pou akizasyon kriminèl. Sitou pati sivil la te fè konnen avi ak odyans apre blokaj la pou reyaktive yon pèmi ki bloke ann atandan ka kriminèl chofè a rezoud te enkonstitisyonèl. Nan ane 2019, lakou Apèl nan Etazini nan dezyèm distri a te estime akize yo te pa t aksepte pou gen yon pwosedi legal pou chofè yo te bloke dwa konstitisyonèl yo a paske (1) avi yo pa t enfòme chofè yo kòrèkteman sou objektif odyans lan ak (2) odyans lan pa t vrèman bay chofè yo posiblite pou konteste blokaj pèmi yo a.

Tribinal Distri a otorize pou pwosè a fèt sou fòm yon rekou kolektif. Nan yon rekou kolektif, youn oswa plizyè moun yo rele "Reprezantan Gwoup la" aji nan non lòt moun yo rele "Manm Gwoup la," ki gen menm revandikasyon yo. Nan ka sa a, Reprezantan Gwoup la se Pati sivil la Jonathan Nnebe, Eduardo Avenaut, Khairul Amin, Anthony Stallworth, Parichay Barman ak Noor Tani, TLC te bloke lisans yo chak te genyen pou kondui yon taksi oswa yon machin lokasyon (FHV), apre yon arrestasyon.

Nan mwa mas 2022, Tribunal Distri a te apwouve egzistans yon kategori nan tout chofè taksi oswa machin lokasyon TLC te bloke pèmi yo paske yo te arete yo pou yon akizasyon kriminèl ant 28 jen 2003 ak 18 fvriye 2020. Kounye a, Distri a pral detèmine kiyès ki gen dwa jwenn domaj ak enterè sou fòm lajan, si genyen, ki montan. Lakou a te deside tout chofè ki manm gwoup sa a ta dwe omwen gen dwa ak yon dola senbolik kòm domaj ak enterè.

2. Dwa w genyen antanke Manm Gwoup la

Ou te jwenn Avi sa a paske Tribunal la te sètifye yon gwoup nan pwochè sa a epi yo te idantifye w kòm yon Manm nan Gwoup sa a yo te vyole dwa l. Yon rekou kolektif se yon kategori pwochè kote youn oswa plizyè moun depoze plent yo nan non tout moun pamì yon gwoup moun ki twouve yo nan menm sitiyasyon an pou yo ka jwenn domaj ak enterè oswa lòt mwayen reparasyon pou tout gwoup la. Tribunal Distri a deside pwochè sa a kapab trete tankou yon rekou kolektif paske li reponn ak egzijans Lwa Federal Pwosedi Sivil 23. Jij Richard J. Sullivan ap sipèvize rekou kolektif sa a.

Tout jijman nan ka sa a aplikab pou tout manm Gwoup la. Si TLC te bloke lisans ou akoz yon arrestasyon pou yon akizasyon kriminèl nan nenpòt ki lè ant 28 jen 2003 ak 18 fevriye 2020, ou te fè pati Gwoup la sof si w ta mande pou retire w ann amoni ak pwosedi yo bay anba a.

Se Daniel L. Ackman, David T. Goldberg, ak Shannon Liss-Riordan ki reprezante gwoup la, yo te chwazi yo kòm Konseye Gwoup la, yo bay enfòmasyon pou kontakte yo pi ba a. Sepandan, ou gen dwa pran avoka pa w ak fon pèsònèl ou pou w entèvni nan ka a, men w pa oblige fè sa.

3. Èske m Kapab Jwenn Domaj ak Enterè?

Tout Manm Gwoup la kalifye pou resevwa yon dola senbolik kòm domaj ak enterè. Keson pou konnen si yon manm nan gwoup la pèsònèlman pral jwenn tou domaj ak enterè sou fòm lajan an pral detèmine grasa yon pwosedi ki pral evalye si manm ki konsène a te reyentegre, si te gen yon odyans ki akseptab ak yon avi ki akseptab anrapò ak dwa li genyen pou l gen yon odyans ki akseptab. Pwosedi a pral gen ladan kesyon pou konnen lefètke TLC te kontinye kenbe lisans manm gwoup la pandan ka penal li a te ann atant, èske sa se yon menas dirèk epi ki enpòtan pou sekirite biblik. Montan domaj ak enterè sou fòm lajan, si genyen, pral kalkile grasa yon abit ki net, ki pral chita patikilyèman, sou prèv pèt moun nan sibi a akoz praktik blokaj TLC a ki enkonstitisyonèl. Akize yo gen dwa konteste kalifikasyon Manm Gwoup la pou yon pwosedi domaj ak enterè sou fòm lajan epi yo ka konteste tou prèv ki prezante yo pandan pwosedi a.

4. Ki sa w ta ka bezwen fè

Ou pa bezwen fè anyen pou w rete nan gwoup la epi pou w jwenn domaj ak enterè senbolik la ansanm ak posibilité pou jwenn tou domaj ak enterè sou fòm lajan. Si w pa vle rete nan gwoup la, ou dwe ekri pou w mande pou yo retire w (oswa demisyone) nan Gwoup la. Si w pa nan gwoup la ankò, ou p ap ka benefisyè nan okenn konpwomi, reparasyon oswa jijman ki favorab nan kad pwosè a. Si w deside demisyone nan gwoup la, ou gen dwa, kan menm, pou w kontinye fè reklamasyon w yo pèsònèlman. Si w pran yon avoka pou fè sa, se ou ki pral peye l poukout ou.

Si w deside demisyone nan gwoup la, ou dwe ranpli fòmilè ki atache a pou w kite gwoup la.

Si w deside kite gwoup la, ou dwe voye fòmilè a tou ranpli nan yon kourye premye klas oswa nan livrezon nan nuit, **pou pi ta 18 jiyè 2022**, bay Konseye gwoup la, verifye si delè a respekte, nan Shannon Liss-Riordan, Lichten & Liss-Riordan, 729 Boylston Street Suite 2000, Boston MA 02116. Oubyen, ou ka voye fòmilè a tou ranpli nan imel tlcsuspensioncase@llrlaw.com **pou pi ta 18 jiyè 2022. Tanpri pa voye fòmilè a bay Tribunal la.**

5. Lòt pwosedi jidisyè

Jan yo te dekri sa pi wo a, Tribunal la deja deside sou byen fonde ka sa a an favè pati sivil la epi l te kreye yon Gwoup. Mete sou sa, Tribunal la pral deside nan odyans endividyle, ki Manm nan Gwoup la ki gen dwa jwenn domaj ak enterè sou fòm lajan, e si sa ap fèt, ki montan.

6. Ki Jan Pou w Jwenn Plis Enfòmasyon

Avi sa a se yon rezime, li pa di tout sa ki nan plent ak agiman pati yo. Ak pwosedi yo ansanm ak tout lòt dosye ki gen rapò ak konfli sa a kapab egzamine nan lè nòmal biwo a fonksyone nan Daniel Patrick Moynihan U.S Courthouse, 500 Pearl Street, New York, New York 10007. Si w bezwen plis enfòmasyon, ou ka ekri tou Konseye Gwoup la nan adrès imel tlcsuspensioncase@llrlaw.com, pa mwayen kourye nan **Shannon Liss-Riordan, Lichten & Liss-Riordan, P.C., 729 Boylston Street, Suite 2000, Boston, MA 02116** or, oswa w ka rele nan **929-477-9200**.

**Shannon Liss-Riordan
Lichten & Liss-Riordan, P.C.
729 Boylston Street, Suite 2000
Boston, MA 02116
www.llrlaw.com**

**Daniel Lee Ackman
Law Office of Daniel L. Ackman
165 Broadway, 23rd Floor
New York, NY 10006
www.danackmanlaw.com
imel: dan@danackmanlaw.com**

**David Thomas Goldberg
Donahue & Goldberg, L.L.P.
240 Kent Ave.
Brooklyn, NY 11249**

7. E si adrès mwen chanje?

Si yo te voye Avi sa a ba ou nan yon ansyen adrès, oswa si w demanaje, tanpri fè Konseye Gwoup la konnen adrès ou gen kounye a yon fason pou w ka resevwa nenpòt avi alavni ak/oswa fòmilè sou prèv revandikasyon yo. Si w pa yon manm nan Gwoup la, ou ka elimine avi sa a. Voye tout chanjman adrès nan imel tlcsuspensioncase@llrlaw.com oswa nan kourye nan Lichten & Liss-Riordan, 729 Boylston Street Suite 2000, Boston MA 02116. Ou ka rele tou 929-477-9200.

DEMAND POU FÈ RETRÈ NAN REKOU KOLEKTIF LA

Nnebe et al. v. Daus, et. al. (Case No. 06-cv-4991)
Stallworth, et al. v. Joshi, et al. (Case No. 17-cv-7119)

TANPRI LI ENSTRIKSYON SA YO

**Ou PA bezwen ranpli fòmilè sa a. Si w swete rete yon manm nan rekou kolektif sa a epi
resevwa domaj ak enterè senbolik yo, PA FÈ ANYEN.**

**Si w ta renmen soti nan rekou kolektif sa a, ranpli fòmilè sa a, verifye delè a respekte epi voye
I nan kourye oswa voye I nan imel pou pi ta 18 jiyè 2022.**

ENFÒMASYON PÈSONÈL: Tanpri enprime oswa tape enfòmasyon ki vin annapre yo.

Non: _____ No Lisans TLC: _____

Adrès Ri: _____

Vil, Eta, Kòd Pòstal: _____

Adrès Imel: _____

Nimewo Telefòn: _____

CHWAZI KAZ KI APWOPRIYE A EPI SIYEN

<input type="checkbox"/>	M ta renmen soti nan Gwoup rekou sa a. Mwen konprann: (1) M p ap patisipe nan tout reparasyon posib Gwoup la ta kapab jwenn parapò ak yon pwose oswa yon kompwomi ki lye ak rekou sa. (2) M p ap asosye ak okenn desizyon nan rekou sa a ki an favè Akize a, epi (3)M ka prezante tout plent mwen genyen kont Akize a lè m fè pwose pa m ak depans pèsonèl mwen.
--------------------------	--

Siyati: _____ Dat: _____

ENSTRIKSYON POU SOUMISYON

Yo dwe voye fòmilè sa a nan imel tlcsuspensioncase@llrlaw.com pou pita oswa anvan **18 jiyè 2022** oswa voye I nan kourye nan adres sa a: Lichten & Liss-Riordan, 729 Boylston Street Suite 2000, Boston MA 02116, verifye delè a respekte,**18 jiyè 2022**. **Tanpri pa voye fòmilè a bay Tribunal la nan imel.**